# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINIŃ KONSTITUCIYASINA ÓZGERISLER HÁM QOSIMSHALAR KIRGIZIW HAQQINDA

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARǴÍ KEŃESINIŃ**
**ON BESINShI SESSIYaSÍ**

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍŃÍŃ NÍZAMÍ**

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINIŃ KONSTITUCIYASINA ÓZGERISLER HÁM QOSIMSHALAR KIRGIZIW HAQQINDA**

**1-statya. 1993-jıl 9-aprelde qabıl etilgen Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstituciyasına tómendegi ózgerisler hám qosımshalar kirgizilsin:**

1) **2-statyasındaǵı** «adamlar» degen sóz «shaxslar» degen sóz benen almastırılsın.

2) **7-statyanıń úshinshi** bólimindegi «irkiw» degen sóz «toqtatıp qoyıw», «toqtatıw» degen sóz «saplastırıw», «dóretiw» degen sóz «dúziw» hám «ol nızam boyınsha juwapkershilikke alıp keledi» degen sózler «hám nızamǵa muwapıq juwapkershilikke tartıwǵa tiykar boladı» degen sózler menen almastırılsın.

3) **10-statyanıń ekinshi** bólimindegi «adam» degen sóz «shaxs» degen sóz benen almastırılsın.

4) **13-statyanıń birinshi** bólimindegi «adamgershilik» degen sóz «insanıylıq» degen sóz benen almastırılsın.

5) **15-statyanıń ekinshi** bólimindegi «adamlar» degen sóz «shaxslar» degen sóz benen almastırılsın.

6) **16-statyanıń birinshi** bólimindegi «huqıqlarına» degen sóz «huqıq» degen sóz benen almastırılsın.

**ekinshi** bólimindegi «huqıq akti» degen sózler «huqıqıy akti» degen sózler menen almastırılsın.

7) Ekinshi taraw atamasındağı «adamnıń» degen sóz «insan» degen sóz benen almastırılsın.

8) **20-statyanıń teksti** tómendegi redakciyada bayan etilsin: Puqaralar óz huqıq hám erkinliklerin ámelge asırıwda basqa shaxslardıń, mámleket hám jámiyettiń nızamlı mápleri, huqıqları hám erkinliklerine zıyan tiygizbewi shárt.

9) **21-statyanıń ekinshi** bólimindegi «Qaraqalpaqstan Respublikasınıń aymağında bolıp atırǵan sırt elli puqaralarǵa hám puqaralıqqa iye emes adamlarǵa xalıqaralıq huqıq normalarına muwapıq huqıqlar menen erkinlikler támiyinlenedi» degen sózler «Qaraqalpaqstan Respublikası aymağındağı sırt el puqaraları hám puqaralıqqa iye bolmaǵan shaxslardıń huqıq hám erkinlikleri xalıqaralıq huqıq normalarına muwapıq támiyinlenedi» hámde «Konstituciyasında hám nızamlarında jáne» degen sózler «Konstituciyası, nızamları hám» degen sózler menen almastırılsın.

10) **22-statyası tekstindegi** «adamnıń» degen sóz «shaxstıń» degen sóz benen almastırılsın.

11) **23-statyası tekstindegi** «adam» degen sóz «shaxs» degen sóz benen almastırılsın.

12) **24-statyanıń birinshi** bólimindegi «islewde ayıplanǵan hár bir adam» degen sózler «islegenlikte ayıplanıp atırǵan hár bir shaxstıń», «onda oǵan ózin qorǵawı ushın múmkinshilikler jaratıladı» degen sózler «Sudta ayıplanıp atırǵan shaxsqa ózin qorǵawı ushın barlıq múmkinshilikler támiyinlenedi» degen

sózler menen almastırılsın.

**ekinshi** bólimindegi «adamnıń» degen sóz «insannıń» degen sóz benen almastırılsın.

13) **25-statyanıń birinshi** bólimindegi «Hár bir adam» degen sóz «Hár kim» degen sóz benen almastırılsın.

14) **27-statyanıń birinshi** bólimindegi «Hár bir adam oy-pikir» degen sózler «Hár kim pikirlew», «Hár bir adam» degen sózler «Hár kim» hám «erkinligine iye» degen sózler «erkinligi huqıqına iye» degen sózler menen almastırılsın.

**ekinshi** bólimindegi «adam» degen sóz «shaxs» degen sóz benen almastırılsın.

15) **29-statyası tekstindegi** «tańıwǵa» degen sóz «sińdiriwge» degen sóz benen almastırılsın.

16) **30-statyanıń ekinshi** bólimindegi «rawajlandırıw hám jetilistiriw arqalı ámelge asırıladı» degen sózler «ámelge asırıw tártibi nızam menen belgilenedi» degen sózler menen almastırılsın.

17) **33-statyanıń birinshi** bólimindegi «adam óz aldına, sonday-aq basqa adamlar» degen sózler «shaxs tikkeley ózi hám basqalar» degen sózler menen almastırılsın.

18) **34-statyası tekstindegi** «adam» degen sóz «shaxs» hám «miyraslılıq huqıqına nızam menen kepillik beriledi» degen sózler «miyras huqıqı nızam menen kepillenedi» degen sózler menen almastırılsın.

19) **35-statyanıń birinshi** bólimindegi «adam» degen sóz «shaxs» degen sóz benen almastırılsın.

20) **36-statyası tekstindegi** «adamlar» degen sóz «shaxslar» degen sóz benen almastırılsın.

21) **37-statyası tekstindegi** «Hár bir adam» degen sóz «Hár kim»

degen sóz benen almastırılsın.

22) **38-statyası tekstindegi** «adam» degen sóz «shaxs» degen sóz benen almastırılsın.

23) **39-statyası tekstindegi** «adam» degen sóz «shaxs» degen sóz benen almastırılsın.

24) **40-statyanıń birinshi** bólimindegi «adamǵa» degen sóz «shaxsqa» degen sóz benen almastırılsın.

25) **42-statyası tekstindegi** «insanǵa» degen sóz «shaxsqa», «huqıqları» degen sóz «huqıq», «jóninde» degen sóz «ústinen» degen sózler menen almastırılsın.

26) **43-statyası tekstindegi** «Jas óspirimlerdiń» degen sózler «Er jetpegenlerdiń» hám «adamlardıń» degen sóz «shaxslardıń» degen sózler menen almastırılsın.

27) **46-statya tekstindegi** «Konstituciyanı hám nızamlardı saqlawǵa» degen sózler «Konstituciya hám nızamlarǵa ámel etiwge» hám «adamlardıń» degen sóz «shaxslardıń» degen sózler menen almastırılsın.

28) **51-statyanıń birinshi** bólimindegi «artıqmashlıǵın» degen sóz «ústinligin», «jáne» degen sóz «hám» degen sózler menen almastırılsın.

29) **52-statyası tekstindegi** «táreplerdiń» degen sóz «shaxslardıń», «qozǵalatuǵın» degen sóz «qorǵalatuǵın» degen sózler menen almastırılsın.

30) **53-statyası tekstindegi** «qorlar» degen sóz «resurslar» degen sóz benen almastırılsın.

31) **62-statyasınıń birinshi** bólimi «balaların erjetiwge deyin saqlawǵa» degen sózler «perzentlerin er jetkenge shekem saqlawǵa hám» degen sózler menen almastırılsın.

**ekinshi** bólimi «balalardıń saqlanıwın, tárbiyalanıwın» degen

sózler «balalardı saqlaw, tárbiyalaw» hám «olar jóninde» degen sózler «balalarǵa arnalǵan» degen sózler menen almastırılsın.

32) **68-statyasınıń teksti** tómendegi redakciyada bayan etilsin: «Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Joqarǵı Keńesi joqarı mámleketlik wákillik uyımı bolıp, nızam shıǵarıwshı hákimiyattı ámelge asıradı».

33) **69-statyasınıń ekinshi** bólimi tómendegi redakciyada bayan etilsin: «Saylaw kúni jigirma bes jasqa tolǵan hám keminde bes jıl Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında turaqlı jasap atırǵan Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası puqarası Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesine saylanıw huqıqına iye».

34) **70-statyanıń:**

1) **8-bánti** tómendegi redakciyada bayan etilsin

«Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyalıq baqlaw komitetin saylaw, Qaraqalpaqstan Respublikası sudı baslıǵı hám onıń orınbasarların, Qaraqalpaqstan Respublikası hákimshilik sudınıń baslıǵı hám onıń orınbasarın saylaw hám bosatıw;»

2) **11-bánti** alıp taslansın.

35) **73-statyası tekstindegi** «Qaraqalpaqstan Respublikası puqaralıq isleri boyınsha sudınıń baslıǵı, Qaraqalpaqstan Respublikası jınayat isleri boyınsha sudınıń baslıǵı, Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikalıq sudınıń baslıǵı» degen sózler «Qaraqalpaqstan Respublikası sudınıń baslıǵı» degen sózler menen almastırılsın.

36) **75-statyası tekstindegi** «Qaraqalpaqstan Respublikası puqaralıq isleri boyınsha sudı, Qaraqalpaqstan Respublikası jınayat isleri boyınsha sudı, Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikalıq sudı» degen sózler «Qaraqalpaqstan Respublikası sudı» degen sózler menen almastırılsın.

37) **76-statya ekinshi** bólimi tómendegi redakciyada bayan

etilsin:

«Qaraqalpaqstan Respublikasınıń nızamları Joqarǵı Keńes tárepinen qabıl etilip nızamda belgilengen tártipte rásmiy járiyalanǵannan keyin yuridikalıq kúshke iye boladı».

38) **81-statyanıń 8-bántindegi** «Qaraqalpaqstan Respublikası puqaralıq isleri boyınsha sudınıń baslıǵı hám onıń orınbasarı, Qaraqalpaqstan Respublikası jınayat isleri boyınsha sudınıń baslıǵı hám onıń orınbasarı lawazımlarına, Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikalıq sudınıń baslıǵı hám Qaraqalpaqstan Respublikası hákimshilik sudınıń baslıǵı» degen sózler «Qaraqalpaqstan Respublikası sudınıń baslıǵı hám onıń orınbasarları, Qaraqalpaqstan Respublikası hákimshilik sudınıń baslıǵı hám onıń orınbasarı» degen sózler menen almastırılsın.

**15-bántindegi** «nızamlar» degen sóz «nızamshılıq aktleri» degen sózler menen almastırılsın.

39) **83-statyanıń ekinshi** bólimindegi «Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi dúzgen mámleketlik medicinalıq komissiyasınıń juwmaǵı menen tastıyıqlanǵan densawlıǵınıń jaǵdayı boyınsha óz minnetlerin orınlay almasa» degen sózler «densawlıǵına hám basqa da sebeplerge baylanıslı wazıypaların atqara almaytuǵın jaǵdaylarda» hám «sheshim» degen sóz «qarar» degen sózler menen almastırılsın.

**úshinshi** bólimindegi «10 kún» degen sóz «2 ay múddet» degen sóz benen almastırılsın.

40) **93-statyanıń segizinshi** abzacındaǵı «Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstituciyasına hám nızamlarına» degen sózler «Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyasına hám nızamshılıǵına» degen sózler menen almastırılsın.

41) **99-statyanıń birinshi** bólimindegi «mákan keńesleri» degen sózler «máhállelerde» hám «mákan keńeslerinde» degen sózler «máhállelerde» degen sózler menen almastırılsın.

42) **101-statyası birinshi** bólimindegi «Qaraqalpaqstan Respublikası puqaralıq isleri boyınsha sudı, Qaraqalpaqstan Respublikası jınayat isleri boyınsha sudı, Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikalıq sudı, Qaraqalpaqstan Respublikası hákimshilik sudı, puqaralıq isleri boyınsha rayonlararalıq, rayonlıq (qalalıq) sudları, jınayat isleri boyınsha rayonlıq hám qalalıq sudları, rayonlararalıq, rayonlıq (qalalıq) ekonomikalıq sudları hám de rayonlıq hám qalalıq» degen sózler «Qaraqalpaqstan Respublikası sudı, Qaraqalpaqstan Respublikası hákimshilik sudı, puqaralıq isleri boyınsha rayonlararalıq, rayonlıq (qalalıq) sudları, jınayat isleri boyınsha rayonlıq hám qalalıq sudları, rayonlararalıq, rayonlıq (qalalıq) ekonomikalıq sudları hám de rayonlararalıq» degen sózler menen almastırılsın.

43) **102-statyası** tómendegi redakciyada bayan etilsin:

Qaraqalpaqstan Respublikası sudı puqaralıq, jınayat hám ekonomikalıq sudlaw  islerin júrgiziw salasında joqarı sud hákimiyatı uyımı bolıp tabıladı.

44) **103-statyası** alıp taslansın.

45) **104-statyası** alıp taslansın.

46) **105-statyası tekstindegi** «tartıslardı, sonday-aq nızam menen onıń wákilligine kirgizilgen hákimshilik huqıqbuzarlıqlar haqqındaǵı» degen sózler alıp taslansın hám «rayonlıq hám qalalıq» degen sózler «rayonlararalıq» degen sózler menen almastırılsın.

47) **106-statyanıń birinshi** bólimindegi «Sudyalar ǵárezsiz bolıp, nızamǵa ǵana baǵınadı» degen sózler «Sudyalar ǵárezsiz bolıp, tek ǵana nızamǵa boysınadı» degen sózler menen almastırılsın.

48) **110-statyanıń ekinshi** bólimindegi «Sud júrgiziwdiń» degen sózler «Tergew hám sud isin júrgiziwdiń», «huqıqına kepillik beriledi» degen sózler «huqıqı kepillenedi», «kórsetiw» degen

sóz «beriw», «háreket etedi» degen sózler «xızmet kórsetedi», «dúziw» degen sóz «shólkemlestiriw» degen sózler menen almastırılsın.

49) **111-statyanıń ekinshi** bólimindegi «pitken jılda» degen sózler «pitetuǵın jılı», «dekabr ayı» degen sóz «oktyabr ayınıń» hám «ekshembisine» degen sóz «ekshembisinde» degen sózler menen almastırılsın.

**besinshi** bólimindegi «aslam wákillikli uyımlarǵa deputat bola almaydı» degen sózler «artıq mámleketlik hákimiyattıń wákillik uyımınıń deputatı bolıwı múmkin emes» degen sózler menen almastırılsın.

**altınshı** bólimi **onınshı** bólimi dep esaplansın:

«Saylawlardı ótkeriw tártibi nızam menen belgilenedi.»

**segizinshi** bólimindegi «nızamlarǵa» degen sóz «nızamshılıq aktlerine» degen sózler menen almastırılsın.

**jetinshi– onınshı** bólimi tiyislisinshe **altınshı– toǵızınshı** bólimi dep esaplansın;

50) **116-statyanıń birinshi** bólimindegi «adamlardan» degen sóz «shaxslardan» hám «baǵınıw menen» degen sóz «boysınǵan halda» degen sózler menen almastırılsın.

51) **Altınshı tarawdıń** «Konstituciyanı ózgertiw tártibi» degen ataması «Konstituciyaǵa ózgeris kirgiziw tártibi» degen mazmunda bayan etilsin.

52) **121-statyası tekstindegi** «ózgerisler» degen sózler «ózgerisler hám dúzetiwler» hám «Qaraqalpaqstan Respublikasınıń» degen sózler «Qaraqalpaqstan Respublikası» degen sózler menen almastırılsın.

53) «Birinshi taraw», «Ekinshi taraw», «Úshinshi taraw», «Tórtinshi taraw», «Besinshi taraw» hám «Altınshı taraw» degen sózlerdegi «taraw» sózi «bólim» sózi menen almastırılsın.

**2-statya. Usı Nızam rásmiy járiyalanǵan kúnnen baslap kúshke kiredi.**